



Pou Piblikasyon Imedya: 17/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL DEWALE INVESTISMAN TRANSFÒMATIF NAN SÈT
LOPITAL AK PATENARYA SWEN SANTE NAN NOUYÒK**

Apwobasyon preliminè a pral bay investisman jiska 188 milyon dola nan Jamaica Hospital ak Memorial Sloan Kettering pou etabli yon Sant Swen kont Kansè Konplè nan Queens

Sipòte patenarya Ant St. Barnabas Hospital, Cityblock Health ak Union Community Health Center; amelyore Depatman Ijans St. Barnabas la ki resevwa 75,000 vizit chak ane

Pwogram Transfòmasyon Rezo Sekirite Swen Sante a mobilize investisman Eta pou amelyore rezistans lopital rezo sekirite yo

Diskou Eta Leta 2025 Gouvènè a pwopoze finansman adisyonèl pou pwogram transfòmasyon rezo sekirite

Imaj san montaj vizit Gouvènè a [disponib sou youtube isit la](#) ak nan [fòm kalite televizyon \(h.264, mp4\) isit la](#); foto [disponib sou Flickr Gouvènè a](#)

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te revele investisman transfòmatif nan sèt lopital ak patenarya ak swen sante atravè Nouyòk. Apwobasyon preliminè a fè pati Pwogram Transfòmasyon Rezo Sekirite Swen Sante (Healthcare Safety Net Transformation Program) a, epi li gen ladan l yon investisman jiska 188 milyon dola nan Jamaica Hospital ak Memorial Sloan Kettering pou etabli yon "Sant Swen kont Kansè Konplè" (Comprehensive Cancer Care Center) nan Queens. Li angaje tou sipò pou yon patenarya ant St. Barnabas Hospital, Cityblock Health ak Union Community Health Center, ak amelyore Depatman Ijans St. Barnabas la. Anons jodi a swiv etap enpòtan Gouvènè Hochul yo pou amelyore sante Nouyòkè yo. Etabli nan Bidjè yo Adote pou Ane Fiskal 2025 la, Pwogram Transfòmasyon Rezo Sekirite Swen Sante a ankouraje patenarya ant lopital rezo sekirite ak òganizasyon swen sante yo. Atravè pwogram sa, Nouyòk ap ankouraje patenarya k ap amelyore rezistans enstitisyon rezo sekirite yo lè li bay kapital estratejik ak sipò operasyon, anplis fleksibilite nan règlemantasyon obligatwa a.

"Fòs lopital nou yo refleto fòs kominote nou yo, epi lopital rezo sekirite yo jwe yon wòl enpòtan nan bay popilasyon vilnerab yo bon jan kalite swen sante", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Chak moun ta dwe gen aksè ak swen sante abòdab, ki fyab kèlkeswa kòd postal y ap viv, epi investisman sa yo pral pote resous enpòtan pou Nouyòkè ki pa gen ase sèvis yo."

Komisè Sante Eta Nouyòk la, Doktè James McDonald, te deklare, "Mwen te vizite prèske tout enstalasyon sa yo, ki gen ladan St. Barnabas Hospital, premye lopital mwen te vizite kòm Komisè Sante, epi mwen te wè pèsònèlman nesosite patenarya sa yo. Lopital filè sekirite yo ankouraje ekite sante epi yo bay sèvis esansyèl nan kominote vilnerab yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li pou amelyore sante tout Nouyòkè yo."

Depatman Sante a pral travay ak aplikan sa yo pou rafine bezwen fonksyonman ak kapital pou reyalize plan transfòmasyon yo pwopoze yo.

Pwojè yo te apwouve preliminèman genyen ladan yo:

Jamaica Hospital ak Memorial Sloan Kettering Cancer Center

- Patenarya sa a ant Jamaica Hospital ak Memorial Sloan Kettering (MSK) pral etabli yon "Sant Swen kont Kansè Konplè nan Queens" ki gen ladan yon nouvo Kanpis Radyo-terapi ak Enjeksyon nan Jamaica Hospital.
- Patenarya klinik sa a pral ede Jamaica Hospital bay swen konplè kont kansè nan Queens epi refere pasyan idantifye yo bay Memorial Sloan Kettering pou terapi avanse oswa esè klinik.
- Eta a pral bay jiska 188 milyon dola nan finansman kapital pou sipòte pwojè sa a.

Glens Falls Hospital ak Albany Med Health System

- Glens Falls Hospital, an patenarya kontinyèl ak Albany Med Health System, pral modènize departman ijans Glens Falls la pou amelyore sèvis swen sante yo epi prepare pou kwasans yo prevwa nan itilizasyon departman ijans lan nan 10-15 pwochen ane yo.
- Glens Falls pral travay ak òganizasyon kominotè yo pou asire pasyan ki egzeye nan departman ijans yo konekte ak resous apwopriye, tankou entegrasyon travayè sosyal yo nan pwosesis egzeye la.
- Pwojè a pral gen ladan l entegrasyon Glens Falls Hospital nan sistèm dosye medikal elektwonik Albany Med ak swen avanse kont aksidan serebral (AVC) pou pasyan Glens Falls yo.

Bertrand Chaffee Hospital, Brooks Hospital, Olean General Hospital ak Kaleida Health

- An jen 2024, Gouvènè Kathy Hochul te anonse yon akò avèk Kaleida Health ak Brooks-TLC Health Systems pou konstwi yon nouvo lopital nan Vilaj Fredonia nan Konte Chautauqua, pou ranplase Brooks-TLC nan Vil Dunkirk.
- Nan kad ekspansyon nan premye anons sa a, Kaleida Health pral ofisyalizepatenarya ak de lòt lopital riral nan Lwès Nouyòk (Olean General Hospital ak Bertrand Chaffee Hospital), epi li pral fè amelyorasyon enfrastrikti enpòtan nan lopital riral sa yo.
- Kaleida Health pral modènize sistèm dosye medikal elektwonik li a pou tout sistèm li a pou pèmèt plis efikasite ak amelyorasyon kontinite swen nan tout Lwès Nouyòk.

St. Barnabas Hospital, Cityblock Health ak Union Community Health Center

- Atravè yon patenarya ak Cityblock Health ak Union Community Health Center, St. Barnabas Hospital pral amelyore rezilta sante yo epi redwi admisyon ak re-admisyon ki pa nesèsè yo, pandan y ap ede bay Kominote Bronx la ak pi gwo aksè ak sèvis sante konpòtmantal lokal yo.
- Plan yo enkli lanse yon patenarya ki baze sou valè pou jere bezwen sante konplèks apeprè 35,000 manm Healthfirst — 50 pousan ladan yo gen bezwen sante konpòtmantal.
- Pwojè sa a pral genyen yon amelyorasyon nan depatman ijans St. Barnabas, ki kounye a resevwa 75,000 vizit ED chak ane nan yon espas ki fèt pou akomode sèlman 55,000 vizit chak ane.

Montefiore New Rochelle Hospital ak Mount Vernon Neighborhood Health Center d/b/a Westchester Community Health Center

- Montefiore New Rochelle Hospital pral fè patenarya ak Westchester Community Health Center, yon Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Center, FQHC), pou ranfòse pwogram Sante Matènèl ak Enfantil lopital la epi amelyore kalite swen sante matènèl nan Westchester.
- Montefiore New Rochelle Hospital pral modènize inite matènite ak apre akouchman li a ak Inite Swen Entansif Newonatal pou pi byen sèvi pasyan matènite li yo. Inite aktyèl li a se yon espas demode epi ki pa efikas ki pa te renove pandan plis pase 25 ane.

Rezo Sante Inivèsite Vermont (UVM), UVM Alice Hyde Medical Center ak UVM Champlain Valley Physicians Hospital

- Pou amelyore kalite ak aksè ak swen sante konpòtmantal epi redwi itilizasyon depatman ijans nan North Country, UVM Champlain Valley

Physicians Hospital pral asosye avèk Champlain Valley Family Center for Drug Treatment and Youth Services (Sant Familyal Champlain Valley pou Tretman Dwòg ak Sèvis pou Jèn).

- Pwojè a ap chèche tou rasyonnalize ak ranfòse dirabilite finansye UVM Alice Hyde Medical Center a.

Mary Imogene Bassett Hospital, Otsego County Ambulance Services ak Noble Health Services

- Mary Imogene Bassett Hospita pral etabli de patenarya diferan — youn ak yon sèvis anbilans epi youn ak yon famasi espesyalize.
- Atravè yon patenarya ak Otsego County Ambulance Service (Sèvis Anbilans Konte Otsego), Mary Imogene Bassett Hospital pral ogmante disponiblite transpò pou ijans ak amelyore enfrastrikti kominikasyon pou amelyore efikasite atravè tout Rezo Sante Bassett la.
- Atravè yon patenarya ak famasi espesyalite nasyonal Noble Health Services, Mary Imogene Bassett Hospital pral elaji ak modènize operasyon famasi Bassett yo pou amelyore ak akselere entèvansyon famasi pou pasyan yo.

Prosesis aplikasyon Pwogram Transfòmasyon Rezo Sekirite Swen Sante a ap kòmanse. Yo pral kontinye revize ak apwouve aplikasyon yo sou yon baz kontinyèl. Nan premye ane li a, pwogram nan te fè eksperyans demann ki depase finansman ki disponib la. Jan li te anonse nan Diskous Eta Leta 2025 li a, pou satisfè demann sa a, Gouvènè Hochul pral asiye resous adisyonèl nan pwogram lan nan Ane Fiskal 2026 la. Angajman sa a pral sipòte davantaj aplikasyon ki diy epi ankouraje plis patenarya pou estabilize ak ranfòse lopital rezo sekirite Nouyòk yo pou lavni.

Reprezantan Gregory Meeks, te deklare, "Finansman pou yon Sant kont Kansè nan Jamaica Hospital se yon investisman transfòmatif nan kominote Queens la. Sipò jenere sa a pèmèt founisè swen sante yo sèvi ak dènye teknoloji yo ak tretman avanse pou pran swen pasyan ki gen kansè yo. Jamaica Hospital esansyèl pou kominote nou an, se poutèt sa mwen te defann epi mwen te garanti plis pase 4.3 milyon dola nan finansman federal pou ede etablisman an jwenn ekipman medikal adisyonèl ki nesesè yo. Investisman kontinyèl nan sistèm swen sante nou an non sèlman sove lavi anpil moun men tou ranfòse swen prevantif ki kontribye nan byennèt jeneral rezidan nou yo."

Senatè Eta a Leroy Comrie te deklare, "Investisman Gouvènè Hochul nan sistèm swen sante Nouyòk la demontre yon angajman fèm pou ekite ak inovasyon. Kreyasyon Sant Swen kont Kansè Konplè nan Queens, an patenarya ak Jamaica Hospital ak Memorial Sloan Kettering, asire rezidan Queens yo pral gen aksè ak swen kont kansè dènye kri tou pre lakay yo. Lè li ranfòse lopital rezo sekirite yo atravè eta a, inisyativ sa a non sèlman amelyore livrezon swen sante, men tou li ranfòse misyon pataje nou pou konstwi yon Nouyòk ki pi an sante, ki pi rezistan pou tout moun."

Manm Konsèy Vil Nouyòk la, Lynn Schulman te deklare, "Swen sante se yon dwa imen ak envèstisman enpòtan jodi a, pa Gouvènè Hochul, nan lopital rezo sekirite yo ak òganizasyon swen sante yo fè sa a vin plis reyèl. Finansman sa a pral amelyore swen medikal ak Swen kont Kansè las mondyal pou minisipalite Queens lan."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)